

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Madi** 17 Jen 2014 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

**Pati I** an gen 50 kesyon ki gen repons ochwa. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II a** gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.


**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kwonoloji ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.



1 Ki konklizyon enfòmasyon ki nan kwonoloji a pi byen sipòte?

- (1) Grannbretay te pètèt akòde koloni yo reprezantasyon nan Palman an.
- (2) Se sèlman ofisyèl britanik yo ki te gen dwa pou touche taks.
- (3) Efè Grannbretay pou gen plis kontwòl sou koloni yo pa t gen siksè.
- (4) Kreyasyon Premye Kongrè Kontinantal la se te yon reyaksyon imedyat pasaj Lwa sou Tenm lan.

2 Kilès nan evènman sa yo ou ta mete sou kwonoloji a anvan ane 1763?

- (1) Masak Boston
- (2) Lagè Fransè ak Endyen
- (3) Batay Saratoga
- (4) pasaj Òdonans Nòdwès

3 Ane 1600 yo ak ane 1800 yo, rezon prensipal pou mouvman kolon yo alwès se te pou

- (1) sove nan latwoublay iben ki nan vil kotyè yo
- (2) evite gwo taks nan Lès
- (3) jwenn djòb nan manifakti nan Midwès la
- (4) achte nouvo zòn ki gen tè fètil pou agrikilti

4 Reyinyon popilè New England nan epòk kolonyal la ak Chanm Reprezantan Bègès Virginia se te

- (1) premye mouvman refòm sosyal yo
- (2) tantativ pou bati yon gouvènman nasyonal ki fò
- (3) etap nan kwasans demokrasi reprezantatif
- (4) efò pou kontwole komès avèk Endyen Natifnatal Ameriken

5 Ane ki ant fen Revolisyon Ameriken an ak ratifikasyon Konstitisyon an rele pafwa “peryòd kritik” paske

- (1) teritwa lwès yo te rete san gouvènman
- (2) Etazini te fè lagè avèk Lafrans
- (3) Espay te refize vann Florida ba Etazini
- (4) gouvènman santral la pa t rezoud anpil pwoblèm ekonomik

Sèvi ak deklarasyon oratè yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 ak 7.

*Oratè A:* Gouvènman nasyonal nou an ta dwe fò. Gouvènman eta yo ta dwe gen sèlman kèk pouvwa limite.

*Oratè B:* Yon lejislati de chanm ta pwoteje pouvwa gwo eta yo ak ti eta yo.

*Oratè C:* Agrandisman gouvènman nasyonal la ap lakòz diktati.

*Oratè D:* Branch egzekitif la ta dwe gen pouvwa enpòtan.

6 Ki oratè ki ekprime yon lide ki te nan Gran Konpwomi pandan preparasyon Konstitisyon an nan ane 1787?

- |              |              |
|--------------|--------------|
| (1) <i>A</i> | (3) <i>C</i> |
| (2) <i>B</i> | (4) <i>D</i> |

7 Pandan deba sou ratifikasyon Konstitisyon an, yo te konsidere moun ki te dakò deklarasyon *Oratè A* ak *Oratè D* kòm

- (1) Lwayalis
- (2) Federalis
- (3) Anti-Federalis
- (4) Repibliken Demokrat

8 Ki pwoteksyon ki garanti nan premye amannman Konstitisyon Etazini epi ki te enfliyanse nan pwosè John Peter Zenger (1735)?

- |                     |                      |
|---------------------|----------------------|
| (1) libète laprès   | (3) dwa pou rasanble |
| (2) libète relijyon | (4) dwa pou petisyon |

9 Tèm *revizyon jidisyè* pi byen defini kòm

- (1) dwa yon akize pou konteste vèdik yon jiri
- (2) konpetans Kongrè a pou kreye nouvo tribinal federal
- (3) otorite Sena a pou konfime jij Lakou Siprèm yo
- (4) pouvwa Lakou Siprèm pou detèmine si lwa yo konstitisyonèl

10 Dapre Konstitisyon Etazini an, yo itilize resansman federal pou detèmine

- (1) dimansyon Lakou Siprèm Etazini
- (2) kantite maksimòm manm kabinè a
- (3) repatisyon manm Chanm Reprezantan yo
- (4) kantite senatè ki afekte nan chak eta

11 Lè George Washington te prezidan, otorite gouvènman federal la te kore avèk


- (1) eliminasyon pati politik yo
- (2) sipresyon Rebelyon Wiski
- (3) fòmasyon yon alyans militè avèk Angletè
- (4) kreyasyon yon lang nasyonal

12 Anba lidèchip Prezidan Lakou Siprèm John Marshall (1801–1835), Lakou Siprèm te ogmante enfliyanse gouvènman nasyonal la lè yo

- (1) fòse eta yo akòde rediksyon nan dèt pèsònèl yo
- (2) otorize prezidan an itilize twoup yo san apwobasyon Kongrè a
- (3) sispann enpòtasyon Afriken esklav yo
- (4) kore pouvwa federal yo sou komès ak operasyon labank ant eta yo

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13.

### Acha Lwizyàn



Sous: *American Military History, Center of Military History, United States Army, 1989 (adapte)*

13 Kat jewografik la montre wout eksplorasyon Lewis ak Clark ak wout eksplorasyon Zebulon Pike. Yon konklizyon valab ki baze sou kat jewografik sa a sèke ekspedisyon sa yo

- (1) te jwenn yon ti kantite baryè nan karakteristik natirèl yo
- (2) te evite teritwa lòt peyi yo te reklame
- (3) te itilize sistèm rivyè yo pou ede yo nan vwayaj yo
- (4) te pran pifò wout dirèk yo pou rive nan Oseyan Pasifik

14 Ant ane 1800 ak 1830, yo te bati Wout Nasyonal la ak Kannal Erie pou konekte ki rejyon?

- (1) Lakòt Atlantik ak Midwès
- (2) Sid la ak New England
- (3) Lakòt Pasifik ak Lakòt Gòlf la
- (4) Gran Plèn yo ak Montay Wochez yo

15 Pandan ane 1840 yo, sipòtè Manifès Destine yo te anfavè

- (1) fèm ti fwontyè a pou jwenn yon akò
- (2) mete yon pwen final nan Sistèm Ameriken an
- (3) achte Texas ak California
- (4) sede teritwa Oregon ba Lawisi

16 Ki prensip konstitisyonèl ki te objektif prensipal konfli Nò–Sid ki te lakòz Lagè Sivil la?

- (1) dwa Eta yo
- (2) garanti sitwayen yo devan lalwa
- (3) separasyon pouvwa yo
- (4) pouvwa veto prezidan an

17 Esklavaj te aboli nèt toupatou nan Etazini avèk

- (1) ratifikasyon Konstitisyon Etazini
- (2) apwobasyon platfòm ane 1860 Pati Repibliken an
- (3) piblikasyon Pwoklamasyon Emansipasyon
- (4) adopsyon 13yèm amannman Konstitisyon an

18 “Paske eta Sid yo pa t janm kite Inyon an, yo ta dwe antre yo nan Inyon an ankò san pèdi.”

Pozisyon ki eksprime nan deklarasyon sa a pi asosye avèk konviksyon

- |                      |                     |
|----------------------|---------------------|
| (1) Robert E. Lee    | (3) Jefferson Davis |
| (2) Thaddeus Stevens | (4) Abraham Lincoln |

Sèvi ak ekstrè powèm ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 la.

Li pwoklame “Kenbe tè ansyen yo, richès chaje istwa ou!” Avèk lèw li yo an silans. “Ban mwen tout moun fatige ou yo, tout moun pòv ou yo, Tout moun refijye ou yo ki vle respire libelibè, Tout moun mizerab yo rejte nan plaj anvayi ou yo. Voyer moun sa yo, sanzabri yo, tanpèt la pote ban mwen, M ap klere pòt dore a avèk lanp mwen!”

— Emma Lazarus, “The New Colossus,” 1883

19 Ki atitud konsènan imigrasyon ki endike nan powèm sa a, ki enskri sou Eitati Libète a?

- (1) Yo ta dwe resevwa moun tout nasyon.
- (2) Yo ta dwe bay priyorite pou pwofesyonèl ki edike yo.
- (3) Yo ta dwe adopte kota pou limite sèten gwoup etnik.
- (4) Yo ta dwe mete restriksyon sou gwo kantite moun ki pa kalifye yo k ap antre nan peyi a.

20 Yon rezilta prensipal Lagè Panyòl-Ameriken (1898) sèke Etazini

- (1) te adopte yon politik izolasyonis
- (2) te jwe yon wòl enpòtan nan zafè lemond
- (3) te abandone kontwòl teritwa yo ki deyò Emisfè Oksidantal la
- (4) te ogmante èd etranje pou alye ewopeyen yo

21 Pandan Epòk Pwogresif la, sipò pou yon taks pwopòsyonèl sou revni te baze sitou sou


- (1) volonte sosyete yo pou redui taks yo
- (2) bezwen pou ogmante revni nan klas enferyè yo
- (3) konviksyon ki endike yo ta dwe takse tout moun menm jan
- (4) mekontantman sou distribisyon inegal richès yo

22 Prezidan Theodore Roosevelt te kore Doktrin Monroe lè li te kreye politik ki endike Etazini ta

- (1) egzije nasyon Amerik Latin yo pou yo sispann komès avèk Ewòp
- (2) redui enfliyans azyatik nan Ameriken Latin
- (3) entèveni nan Amerik Latin pou evite entèferans ewopeyen
- (4) devlope alyans militè avèk puisans naval Pasifik yo

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.

### Pwoteksyon Endistri Nou yo.



Sous: Bernhard Gillam, *Puck*, 1883 (adapte)

23 Ki deklarasyon ki eksprime lide prensipal desen komik ane 1883 sa a avèk plis presizyon?

- (1) Pifò travayè nan Etazini kapab vin pwopriyetè biznis.
- (2) Pwopriyetè biznis yo vin gen richès avèk travay di pa yo.
- (3) Klas sosyal yo parèt nan diferans natirèl ki nan konpetans moun yo.
- (4) Moun rich yo jwenn avantaj nan efò klas travayè a.

24 Pwoblèm yo montre nan desen komik lan se yon pwoblèm yo te abòde pandan fen ane 1800 yo sitou nan

- (1) òganizasyon sendika travayè yo
- (2) aplikasyon platfòm Pati Popilis la
- (3) eliminasyon travay timoun
- (4) ogmantasyon nan travayè imigran yo

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.

### YON DJÒB KI BAY KÈPLEN, MEN DJÒB LA DWE FÈT



Sous: *Utica Saturday Globe*, 1906 (adapte)

- 25 Ki liv ki te responsab pou deklanche ankèt ki endike nan desen komik sa a?
- (1) *The Octopus (Pyèb la)*, otè a se Frank Norris
  - (2) *The Jungle (Jeng lan)*, otè a se Upton Sinclair
  - (3) *The Shame of the Cities (Lawont Vil yo)*, otè a se Lincoln Steffens
  - (4) *How the Other Half Lives (Fason Lòt Mwatye a ap Viv)*, otè a se Jacob Riis
- 26 Nan ane 1906, gouvènman federal la te bay repons pou sitiyaasyon ki endike nan desen komik lan lè yo
- (1) te pran kontwòl izin anbalaj vyann yo
  - (2) te voye twoup federal pou mete yon pwèn final nan grèv anplwaye labatwa yo
  - (3) te entèdi pwodui abaz vyann enpòte yo
  - (4) te otorize enspeksyon gouvènman an nan izin tretman vyann yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 la.

Nou gen entansyon kòmanse nan premye jou fevriye lagè soumaren san restriksyon. Malgre sa, nou dwe fè tout sa ki posib pou kenbe Etazini net. Sizoka sa dwe echwe, n ap fè Meksik yon pwopozisyon oswa yon alyans sou baz ki endike anba la a: fè lagè ansanm, fè lapè ansanm, sipò finansye jenere epitou n ap rekonèt Meksik dwe re-konkeri teritwa ki pèdi nan Texas, New Mexico, ak Arizona....

— Zimmerman telegram, 1917

27 Divilgasyon dokiman sa a te kontribiye nan

- (1) yon deklarasyon lagè kont Meksik
- (2) antre Etazini nan Premye Gè Mondyal la
- (3) pasaj Trete Vèsay
- (4) yon restriksyon sou imigrasyon moun ki sòti nan Amerik Latin

28 **“Harding Rejte Politik Etranje Wilson—Vle Retounen nan ‘Nòmali’”**

**“Coolidge Deklare: ‘Biznis Prensipal Pèp Ameriken an Se Biznis’”**

**“Hoover Mande ‘Endividyalism Sovaj’; Rejte Patènalis ak Sosyalis”**

Ki politik prezidan repibliken yo nan ane 1920 yo ki pi annamoni avèk pozisyon ki endike nan gran tit sa yo?

- (1) Etazini ta dwe ede sendika yo epi li ta dwe bay asirans vyeyès.
- (2) Etazini ta dwe achte epi pwoteje yon lanpi.
- (3) Gouvènman federal la ta dwe sipòte moun pòv yo epi li ta dwe ogmante pri danre agrikòl yo.
- (4) Gouvènman federal la ta dwe ede biznis yo epi limite angajman peyi etranje yo.

29 Pandan ane 1920 yo, ki tandans ekonomik ki te ede kòz Gran Depresyon an?

- (1) achte machandiz a kredi
- (2) ekonomize lajan alapas depanse lajan
- (3) kontinye mankman byen konsomasyon yo
- (4) enpoze dwa ladwàn ki ba sou pwodui enpòte yo

30 Kisa ki te yon gwo rezilta pou Prezidan Herbert Hoover lè li te itilize fòs lame pou retire Lame Bonis nan kapital nasyon an?

- (1) Veteran fòs lame yo te apwouve desizyon Prezidan Hoover alawonnbadè.
- (2) Kanpay Prezidan Hoover pou re-eleksyon li te domaje.
- (3) Yo te sispann abeyas kòpous tout kote nan peyi a.
- (4) Lakou Siprèm te deklare aksyon an enkonstitisyonèl.

31 Objektif prensipal Lwa Nasyonal 1935 sou Relasyon Travay (Lwa Wagnè) se te pou

- (1) kite pwopriyetè faktori yo itilize òdonans tribinal yo kont travayè yo
- (2) garanti dwa pou negosyasyon ant patwon ak travayè
- (3) kreye sistèm Sekirite Sosyal la
- (4) entèdi sendika yo fè grèv

32 Kisa ki te yon konsekans ekonomik Nyoudil Prezidan Franklin D. Roosevelt?

- (1) sipresyon règleman nan labank lan te ankouraje investisman.
- (2) Gwo endistri yo te nasyonalize.
- (3) Bidjè ekilibre yo te vini modèl pou establiite ekonomik.
- (4) Wòl gouvènman federal la nan ekonomi an te ogmante.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.

... Nou dwe se gwo asenal demokrasi. Pou nou, sa a se yon ijans ki serye menm jan ak lagè a sèlman. Nou dwe aplike tèt nou nan travay nou avèk menm detèminasyon an, menm sans ijans lan, men lespri patriyotis ak sakrifis la jan nou ta montre nou te nan lagè....

— President Franklin D. Roosevelt, December 29, 1940

33 Nan ankouraje Etazini pou vin “asenal demokrasi,” Prezidan Franklin D. Roosevelt te vle di nasyon an ta dwe

- (1) fè lwa netralite li yo pi restriktif
- (2) kreye yon sèvis militè
- (3) bay materyèl lagè pou nasyon Alye yo
- (4) voye twoup nan Ewòp pou batay nan lagè a



Sèvi ak postè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 la.



"Okenn sitwayen fidèl Etazini pa ta dwe jwenn refi pou dwa demokratik pou egzès responsablite sitwayènte li, kèlkeswa zansèt li.

"Prensip ki sèvi pou yo te fonde peyi sa a epi ki sèvi pou yo te toujou dirije li sèke Amerikanis se yon zafè lespri ak kè.

"Amerikanis la pa, epi pa t janm, yon zafè ras oswa zansèt.

"Chak sitwayen ameriken fidèl ta dwe jwenn posibilite pou sèvi peyi sa a kèlkeswa lè konpetans li ap fè pi gwo kontribisyon an-kit li nan ran fòs lame, pwodiksyon pou lagè, agrikilti, sèvis gouvènman, oswa lòt travay ki enpòtan pou efò lagè a."



PREZIDAN ETAZINI, 3 FEVRIYE 1943

Sous: Office of War Information, 1943 (adapte)

34 Kisa ki te yon objektif postè Dezyèm Gè Mondyal sa a?

- (1) dekouraje diskriminasyon nan travay
- (2) sipòte entènman Japonè Ameriken yo
- (3) egzije tout sitwayen yo pou yo fè yon sèman fidelite
- (4) ankouraje yon ekonomi ki pi divèsifye

35 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, gouvènman federal la te ankouraje Ameriken yo pou yo sipòte efò lagè a lè li

- (1) te manifaktire plis byen konsomasyon
- (2) te ogmante depans yo pou estimile ekonomi an
- (3) te redui konsomasyon resous ki nesèsè pou fòs lame a
- (4) te envesti ekonomi yo nan mache aksyon an

36 Etazini te kreye Plan Marshall (1947) kòm yon pwogram pou

- (1) devlope yon bonm atomik
- (2) ogmante defans sivil pandan Gèfwad la
- (3) bay èd ekonomik pou Ewòp ki te domaje akòz lagè a
- (4) fè livrezon zam ba Lachin Nasyonalis

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 la.

"Asire Ou Bay Atansyon Espesyal Mwen An"



Sous: Herblock, *Washington Post*, November 23, 1955 (adapte)

37 Desen komik lan sijere pandan ane 1950 yo, dirijan ki te nan gouvènman an ak nan edikasyon

- (1) te jwenn defi bebiboum ki te vini apre Dezyèm Gè Mondyal la
- (2) te bay pi bon resous pou lekòl riral yo pase pou lekòl iben yo
- (3) te mete fado egzajere sou lekòl yo avèk lejislasyon federal
- (4) te sipòte salklas apa yo pou elèv yo dapre sèks yo

- 38 Nan ane 1948, Etazini te bay repons pou blokis sovyetik Bèlen Lwès lè li
- (1) te kraze miray ki ant Bèlen Lès ak Bèlen Lwès
  - (2) te sipòte efò Nasyonzini t ap fè pou mete lapè nan Almay-de-Lwès
  - (3) te fèmen sèvis transpò a nan Bèlen Lès
  - (4) te òganize yon transpò ayeryen ravitayman nan Bèlen Lwès

- 39 Kisa ki te yon gwo konsekans kreyasyon sistèm otowout ant eta nan Etazini?
- (1) pèt popilasyon an nan Senti Solèy
  - (2) yon bès nan finansman federal pou pwojè renouvèlman iben yo
  - (3) yon ogmantasyon nan sibibanizasyon
  - (4) yon ogmantasyon nan reprezantasyon Kongrè a nan New England

Sèvi gran tit jounal ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 40.

SOVYETIK YO LANSE SATELIT LATÈ NAN LESPAS;  
LAP VIRE TOUTOTOU GLÒB LA A 18,000 M.P.H.;  
ESFÈ A T AP SWIV YON TRAJEKTWA NAN 4 KWAZMAN SOU ETAZINI

Sous: *New York Times*, October 5, 1957

## MOUN MACHE NAN LALIN

ASTWONOT YO MONTE NAN PLÈN;  
PRAN KÈK WÒCH, PLANTE DRAPO

Sous: *New York Times*, July 21, 1969

- 40 Ki deklarasyon ki eksplike relasyon ant evènman ki dekri nan gran tit jounal sa yo avèk plis presizyon?
- (1) Lansman *Sputnik* te lakòz Etazini agrandi pwogram espasyal li.
  - (2) Eksplorasyon lespas te mete yon pwen final nan konpetisyon ant Etazini ak Inyon Sovyetik.
  - (3) Kongrè a te redui depans fòs lame a pou finanse eksplorasyon lespas.
  - (4) Etazini ak Inyon Sovyetik te kòmanse divilge teknoloji espasyal youn ba lòt.

- 41 Nan ane 1960 yo, yon objektif komen Alyans pou Pwogrè Prezidan John F. Kennedy ak Peace Corps se te pou
- (1) amelyore relasyon ant Arab yo ak Izrayelyen yo
  - (2) batay kont devlopman epidemi SIDA
  - (3) mete yon pwen final nan kolonyalis la nan Amerik Latin ak Azi
  - (4) sipòte devlopman nasyon yo pandan l ap metrize kominis lan

- 42 Trete 1963 pou Entèdiksyon Tès Nikleyè ak Trete pou Limite Zam Estratejik [Strategic Arms Limitation Treaty (SALT)] ane 1972 se te tantativ pou
- (1) rezoud konfli sou fwontyè yo nan Ewòp
  - (2) ankouraje itilizasyon pasifik enèji atomik
  - (3) fasilite tansyon Gèfwad la
  - (4) divilge teknoloji militè ba nasyon ki sou wout devlopman yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 43.

...Kriz sa a ki la kounye a, gouvènman an pa solisyon pou pwoblèm nou; gouvènman an se pwoblèm nan. Tanzantan, nou te tante pou kwè sosyete a te vin twò konplike pou li sou kontwòl otonomi, gouvènman ki fòme avèk yon gwoup elit siperyè parapò ak gouvènman pou pèp la, gouvènman pa pèp la, ak gouvènman pèp la. Ebyen, si okenn nan nou pa kapab gouvène tèt li, lè sa a kimoun pami nou ki gen konpetans pou gouvène yon lòt moun? Nou tout ansanm, ki nan gouvènman ak deyò gouvènman an, dwe pote fado a. Solisyon n ap chèche yo dwe egalego, san pa gen yon gwoup ki chwazi pou peye pi gwo pri a...

— President Ronald Reagan, Inaugural Address,  
January 20, 1981

- 43 Administrasyon Reagan t ap eseye rezoud sityasyon ki dekri nan deklarasyon sa a lè yo
- (1) te limite wòl gouvènman federal la
  - (2) te redui depans defans militè
  - (3) te ogmante règleman yo sou biznis yo
  - (4) ogmante pouvwa sendika anlwaye federal yo

Sèvi ak deklarasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 44 la.

Konpatriyòt mwen yo, evènman yo nan Irak rive nan jou final desizyon an. Pandan plis pase yon deseni, Etazini ak lòt nasyon yo t ap fè efò avèk pasyans ak lonè pou dezame rejim irakyan an san lagè. Rejim nan te fè pwomès pou devwale epi detwi tout zam destwiksyon an mas li yo kòm yon kondisyon pou mete yon pwen final nan Lagè Gòlf Pèsik la nan ane 1991....


— President George W. Bush, March 17, 2003

44 Ki aksyon Prezidan George W. Bush te fè apre deklarasyon sa a?

- (1) sòti nan Lagè Gòlf Pèsik
- (2) òdone fòs ameriken yo pou yo anvayi Irak
- (3) retire sanksyon ekonomik yo sou Irak
- (4) menase Irak avèk zam nikleyè

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 lan.

### LI PRAL FÈNWA



Sous: Randy Bish, *Pittsburgh Tribune-Review*, May 15, 2009 (adapte)

45 Ki deklarasyon ki eksprime lide prensipal komik la avèk plis presizyon?

- (1) Medicare ak Sekirite Sosyal pa ede Ameriken yo.
- (2) Avni finansye Medicare ak Sekirite Sosyal menase.
- (3) Sekirite Sosyal pral manke lajan anvan Medicare.
- (4) Yo aboli Medicare ak Sekirite Sosyal.

46 Migrasyon Ameriken Nwa ki te sòti nan Sid pou ale nan Nò pandan Premye Gè Mondyal ak Dezyèm Gè Mondyal gen pou wè pi dirèkteman avèk

- (1) disponiblite djòb nan faktori yo
- (2) yon kriz jeneral nan agrikilti
- (3) plan pou pouswiv karyè militè
- (4) aksè nan tè gratis

47 Pwogram Lagrann Sosyete Prezidan Lyndon B. Johnson te devlope sou lide ki endike nan Nyoudil Prezidan Franklin D. Roosevelt lè yo te

- (1) sipòte agrandisman pwogram èd sosyal yo
- (2) re-mete anplas lis patizan gouvènman an
- (3) opoze nouvo mezi refòm imigrasyon yo
- (4) depannde ekilib bidjè federal la

48 Ki aksyon ki jistifye konsèp sistèm pouvwa ekilibre?

- (1) Prezidan Harry Truman ki pibliye yon dekrè egzekitif pou mete yon pwen final nan segregasyon nan fòs lame a
- (2) Kongrè a anile veto Lwa sou Puisans Lagè Prezidan Richard Nixon
- (3) komite etik Chanm Reprezantan yo k ap revize dosye finansye manm yo
- (4) Prezidan Jimmy Carter ki chwazi Walter Mondale kòm kandida pou vis-prezidan li

49 Ki aksyon gouvènman federal la te fè kòm repons pou tansyon Gèfwad la apre Dezyèm Gè Mondyal la epi ankò kòm repons pou atak teworis 11 septanm 2001 yo?

- (1) ogmante pwoteksyon dwa sivil yo
- (2) kontwòle moun yo sispèk ki menase sekirite nasyonal
- (3) sòti nan òganizasyon entènasyonal yo
- (4) mete restriksyon sou komès avèk alye yo

50 Prezidan Franklin D. Roosevelt ak Prezidan Barack Obama te fè refòm nan sistèm labank ak refòm finansye yo pandan administrasyon yo pou

- (1) bay eta yo yon pi bon wòl nan pwosesis kontwòl la
- (2) mete yon pwen final nan enfliyans peyi etranje nan sistèm labank yo
- (3) fè vin gen estabilite ankò nan ekonomi nasyonal la
- (4) redui patisipasyon gouvènman an nan ekonomi an

## Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

### Pati II

#### KESYON REDAKSYON TEMATIK

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### Tèm: Chanjman—Lakou Siprèm

Pandan tout istwa Etazini, Kou Siprèm te jwenn anpil pwoblèm diskatab. Desizyon Tribinal la nan ka sa yo te gen yon gwo enpak sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an.

#### Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** desizyon Lakou Siprèm Etazini ki te gen yon konsekans enpòtan sou sosyete ameriken an epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki antoure pwosè a
- Eksplike desizyon Lakou Siprèm nan pwosè a
- Diskite sou konsekans desizyon an sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

Ou ka itilize desizyon Lakou Siprèm nan etid istwa Etazini ou. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere: *Worcester v. Georgia* (1832), *Dred Scott v. Sanford* (1857), *Plessy v. Ferguson* (1896), *Schenck v. United States* (1919), *Korematsu v. United States* (1944), *Engel v. Vitale* (1962), *Miranda v. Arizona* (1966), *New York Times v. United States* (1971), *Roe v. Wade* (1973), ak *United States v. Nixon* (1974).

#### Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

#### Pa itilize *Brown v. Board of Education of Topeka* kòm youn nan desizyon Lakou Siprèm.

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa ou gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

##### Nan devlopman repons pou Pati II a, sonje pou asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **eksplike** vle di “pou fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Nan devlopman repons pou Pati III a, sonje pou asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalyte, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nennpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

Pandan ane 1960 yo, ekriyen yo te souvan reflechi sou kondisyon sosyal ki te jwe sou istwa Etazini. Ekriyen sa yo te sansibilize piblik la pi plis sou pwoblèm kritik nasyon an te genyen, epi yo te gen yon enpak sou Etazini ak sosyete ameriken an. Twa (3) nan ekriyen sa yo se te **Dr. Martin Luther King Jr.** (“**Lèt ki sòti nan Prizon Birmingham**”; “**Letter from Birmingham Jail**”), **Rachel Carson** (*Prentan an Silans; Silent Spring*), ak **Betty Friedan** (*Mistik Feminen; The Feminine Mystique*).

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de** (2) ekriyen nan ane 1960 yo ki endike nan kontèks istorik la, epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki antoure yon pwoblèm ekriyen an abòde
- Diskite sou fason ekriyen an te jwe sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1a

...Nan nenpòt kanpay ki pa vyolan, gen kat (4) etap debaz: (1) rasanbleman done yo pou detèmine si gen enjistis ki fèt; (2) negosyasyon; (3) oto-epirasyon; epi (4) aksyon dirèk. Nou pase nan tout etap sa yo nan Birmingham. Kapab pa gen kontradiksyon [demanti] done ki endike enjistis rasyal anvayi kominote sa a. Birmingham se pètèt vil ki gen plis segregasyon jeneral nan Etazini. Yo rekonèt dosye lèd britalite lapolis li nan chak seksyon peyi sa a. Tretman enjis Moun Nwa [Ameriken Nwa] li yo nan tribinal yo se yon reyalite ki selèb. Te gen plis bonbadman kay ak legliz Moun Nwa yo nan Birmingham ki pa rezoud pase nenpòt vil nan nasyon sa a. Done sa yo se done difisil, brital, ak enkwayab. Sou baz kondisyon sa yo, lidè Moun Nwa yo t ap chèche negosye avèk papa yo ki nan vil la. Men dirijan politik yo te toujou refize angaje nan negosyasyon serye....

Sous: Dr. Martin Luther King Jr.,  
"Letter from Birmingham Jail," April 16, 1963

#### Dokiman 1b

Pandan manifestasyon pou dwa sivil yo nan Birmingham, Alabama, Manm Komisyon Sekirite Piblik Eugene "Bull" Connor te responsab depatman lapolis ak depatman ponpye. Ponpye yo ki t ap aji sou lòd li, te brake lans-ensandi yo sou manifestan yo.



Sous: AP/World Wide Photos, May 1963

1 Dapre dokiman sa yo, ki **de** (2) egzanp enjistis rasyal Dr. Martin Luther King Jr. te abòde? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 2

De (2) ane apre Dr. Martin Luther King Jr. te ekri “Letter from Birmingham Jail,” yon jounalis te mande li si evènman ki te vini apre piblikasyon li a te jistifye santiman ki eksprime nan lèt la.

...Mwen ta di wi. De (2) oswa twa (3) bagay ki enpòtan ak pozitif te rive, ki kapab gen pou wè omwen an pati avèk lèt sa a. Pou kounye a, prèske yon milyon kopi lèt la t ap sikile tout kote nan legliz konfesyon enpòtan yo. Li te ede atire pi gwo atansyon entènasyonal sou sa ki t ap pase nan Birmingham. Epi mwen sèten san Birmingham, yo pa ta mande pou gen mach sou Washington—ki, nan lespri mwen, te youn nan etap ki pi dinamik batay Moun Nwa [Ameriken Nwa] yo te fè. Mach sou Washington te ankouraje epi sipòte [kore] konsyans anpil milyon moun. Li te bay Ameriken Nwa yo yon nouvo repitasyon nasyonal ak entènasyonal. Laprès lemonn te anrejistre istwa a lè prèske yon ka milyon Ameriken, moun blan ak moun nwa, te rasanble an gwo kantite kòm yon temwayaj pou detèminasyon Moun Nwa yo pou yo jwenn libète nan jenerasyon sa a...

Sous: James M. Washington, ed., *A Testament of Hope: The Essential Writings and Speeches of Martin Luther King, Jr.*, HarperCollins

2 Dapre Dr. Martin Luther King Jr., ki **de (2)** efè “Letter from Birmingham Jail” li? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

### Dokiman 3

...Jodi a nou pran angajman pou yon batay mondyal pou ankouraje epi pwoteje dwa tout moun ki vle viv lib. Epi lè nou voye Ameriken yo nan Byetnam oswa nan Bèlen Lwès, nou pa mande pou moun blan yo sèlman. Poutèt sa, li ta dwe posib pou elèv Ameriken tout koulè ale nan nenpòt enstitisyon piblik yo chwazi san yo pa gen pou yo jwenn sipò twoup yo....

Kounye a, moman an rive pou Nasyon sa a respekte pwomès li. Evènman yo nan Birmingham ak lòt kote te ogmante demann pou egalite tèlman sa te lakòz okenn vil oswa Eta oswa kò lejislatif la pa kapab chwazi avèk pridans pou meprize yo.

Dife fwistrasyon ak dezakò ap boule nan chak vil, Nò ak Sid, kote solisyon legal yo pa toupre. Yo chèche reparasyon nan lari yo, nan manifestasyon yo, parad yo, epi pwotestasyon yo kreye tansyon epi yo menase vyolans epi yo menase lavi moun....

Poutèt sa, mwen mande Kongrè a pou adopte lejislasyon pou bay tout Ameriken yo dwa pou yo jwenn sèvis nan bilding ki louvri pou piblik la—otèl, restoran, teyat, magazen ki vann an detay, ak enstitisyon sanblab yo....

Sous: President John F. Kennedy, Radio and Television Report to the American People on Civil Rights, June 11, 1963

3 Dapre Prezidan John F. Kennedy, pou kisa Kongrè a ta dwe pase lejislasyon sou dwa sivil yo? [1]

Score



## Dokiman 4

Rachel Carson, yon zanmi Olga Owens Huckins, te resevwa yon kopi lèt sa a nan ane 1958.

Pou Redaktè The [Boston] Herald:

Mr. R. C. Codman, ki te ekri li “asosye yon fason aktif” avèk pwogram flite pa anlè Eta Massachusetts pou sipoze kontwòl moustik yo, epitou di konsa tès leta a pwouve melanj ki itilize mazou avèk DDT [ensektisid chimik]—nan dènye sezon lete a sou Konte Plymouth ak Barnstable pa t danjere ditou....

Dr. Robert Cushman Murphy, syantifik selèb, te obsève apre Eta New York te flite Long Island menm jan an, sa te lakòz pa gen okenn pwason ki te siviv nan dlo yo. Tout myèl ki nan yon gwo seksyon eta a te mouri. Sa vle di, prèv ravaj tout flite DDT nan lè a anpile tèlman vit sa fè asirans plasid [kalm] Mr, Codman vin ridikil.

Avyon kontwòl moustik yo te vole sou ti vil nou an dènye Paske nou viv toupre marekaj yo, yo te trete nou avèk anpil dòz ki lakòz moun te mouri lè pilòt la t ap pase nan espas nou an. Epitou nou konsidere flite pwazon aktif la sou teren prive kòm yon vyolasyon espas ayeryen ki grav....

Solisyon pou sitiyasyon sa a [touye moustik yo] se pa pou double fòs espere a epi pou vini ankò. Se pou yo **SISPANN ESPRE PWAZON YO NAN LÈ A** tout kote jouk lè yo konnen tout prèv, byolojik ak syantifik, imedyat ak alontèm, konsekans yo sou lanati ak sou kreyati imen....

Olga Owens Huckins  
Duxbury, 1958

Sous: Adler and Adler, eds., *Letters of the Century: America 1900–1999*, Dial Press

4 Dapre lèt sa a, kisa ki **yon** rezon ki fè Olga Huckins enkyete konsènan zafè flite pestisid DDT? [1]

Score

## Dokiman 5a

Nan *Silent Spring*, Rachel Carson te bay yon avètisman sou sa ki ta ka rive si itilizasyon pestisid danjere tankou DDT te kontinye.

...Te gen yon kalm dwòl. Zwazo yo, pa egzanz—ki kote yo te ale? Anpil moun te pale osijè yo, yo te reflechi sou yo, epi yo te twouble. Estasyon distribisyon manje nan lakou yo te vid. Yon ti kantite zwazo yo te wè nenpòt kote te moribon [t ap mouri]; yo te tranble yon fason vyolan epi yo pa t kapab vole. Se te yon sezon prentan san vwa. Nan maten yo ki te vibre lontan avèk konsè matinal mèl migratè yo, jadinnye, kolonb, jè, watelè, ak anpil lòt vwa zwazo pa t gen son kounye a; sèlman silans gaye sou chan yo ak bwa yo ak marekaj yo....

Sou kote wout yo, ki te tèlman atiran lontan, te aliye kounye a avèk vejetasyon ki te gen koulè mawon epi ki te deperi tankou yo te boule nan dife. Tout kreyati vivan sa yo te an silans, ale tou. Menm kouran dlo yo te san lavi kounye a. Pechè yo pa vizite yo ankò, paske tout pwason yo te mouri.

Nan goutyè ki anba avantwa yo epi ki nan mitan bado ki sou do kay yo, yon poud ti grenn blan [DDT] te toujou montre kèk tach; kèk semèn anvan li te tonbe tankou nèj sou do kay yo ak sou gazon yo, chan yo ak kouran dlo yo....

Sous: Rachel Carson, *Silent Spring*, Houghton Mifflin, 1962 (adapte)

## Dokiman 5b



Sous: L.D. Warren, *Cincinnati Enquirer*, 1972, in Jerry Robinson, ed., *The 1970s: Best Political Cartoons of the Decade*, McGraw-Hill

5 Dapre dokiman sa yo, kisa ki **yon** konsekans posib pestisid DDT sou anviwònman an? [1]

Score

## Dokiman 6a

Dapre yon sondaj Gallup te fè nan ane 1970, 53 pousan piblik ameriken an te konsidere kontwòl polisyon lè ak polisyon dlo kòm yon pwoblèm kritik, yon ogmantasyon parapò 17 pousan sèlman senk (5) ane anvan. Sa te fè anviwònman an vin yon enkyetid politik enpòtan pou anpil ofisyèl ki te pase nan eleksyon, tankou Prezidan Richard Nixon.

...Gwo kesyon ane swasant-dis yo se, èske nou dwe rann tèt nou nan antouraj nou yo, oswa èske nou dwe fè lapè avèk lanati epi kòmanse fè konpansasyon reparasyon pou domaj nou te fè nan lè nou, nan tè nou, ak nan dlo nou?...

Nou toujou panse lè a gratis. Men lè pwòp la pa gratis, epi dlo pwòp la pa gratis nonplis. Etikèt pri sou kontwòl polisyon an wo. Nan ane neglijans pase nou yo, nou te fè yon dèt nan lanati, epi kounye a nou mande dèt la...

Mwen dwe pwopoze Kongrè a yon pwogram dlo pwòp tout kote nan nasyon an pou \$10 milya dola pou mete izin tretman dechè minisipal modèn nan chak kote nan Lamerik kote yo nesèsè pou fè dlo nou yo pwòp ankò, epi an nou fè sa kounye a. Nou gen kapasite endistriyèl, si nou kòmanse kounye a, pou bati yo tout nan 5 ane. Pwogram sa a ap fè yo bati nan 5 ane....

Otomobil se pi move polyan lè a. Kontwòl serye egzijè pou nou fè lòt pwogrè nan konsepsyon motè ak konpozisyon konbistib. Nou dwe ogmante rechèch nou, fikse prensip sevè ofi-amezi, epi kore demach pou aplikasyon yo—epitou nou dwe fè sa kounye a....

Sous: President Richard M. Nixon, State of the Union Address, January 22, 1970

6a Dapre diskou sou Eta Inyon an nan ane 1970, kisa ki te **yon** pwopozisyon Prezidan Richard M. Nixon te fè pou eksprime enkyetid ekolojis yo tankou Rachel Carson? [1]

Score

## Dokiman 6b

...*Silent Spring* te plante grenn yon nouvo aktivis ki te grandi pou vin youn nan fòs ki pi popilè yo toutan. Lè Rachel Carson te mouri, nan sezon prentan ane 1964, li te vin klè vwa li pa te janm rete an silans. Li te reveye non sèlman nasyon nou an, men tou lemonn. Yo te kapab konsidere piblikasyon *Silent Spring* kòrèkteman kòm mouvman modèn pou anviwònman an....

Sous: Vice President Al Gore, introduction to 1994 edition of *Silent Spring*

6b Dapre Vis-Prezidan Al Gore, kisa ki te **yon** konsekans piblikasyon *Silent Spring*? [1]

Score

## Dokiman 7

...Se moman tou pou sispann lanse pawòl anlè nan lide ki endike pa gen batay ki rete pou fèt pou fanm Lamerik yo, dwa fanm yo deja se yon viktwa. Li ridikil pou di ti fi yo pou yo rete trankil lè yo antre nan yon nouvo domèn, oswa nan yon ansyen domèn, yon fason pou gason yo pa remake yo la. Nan prèske chak domèn pwofesyonèl, nan biznis ak nan boza ak syans, yo toujou trete fanm yo kòm sitwayen dezyèm klas. Li ta yon bon jan sèvis pou di ti fi k ap planifye pou travay nan sosyete a pou yo espere diskriminasyon trèt ak enkonfòtab sa a—di yo pou yo pa rete trankil, epi swete sa prale, men batay kont sa. Yon ti fi pa ta dwe espere jwenn privilèj espesyal akòz sèks li, men li pa dwe “ajiste” nonplis avèk prejije ak diskriminasyon....

Sous: Betty Friedan, *The Feminine Mystique*, W.W. Norton, 1963

7 Dapre Betty Friedan, kisa ki se **yon** fòm diskriminasyon fanm yo te viktim nan kòmanse ane 1960 yo? [1]

Score

## Dokiman 8

...Avèk analiz san pasyon li epoutan ki entèlijan sou pwoblèm ki te afekte lavi fanm yo nan kèk deseni apre Dezyèm Gè Mondyal la—tankou domestisite avèk lafòs, lespwa pou karyè limite, jan sa note nan dènye edisyon yo, yo konsidere kanpay pou avòtman legalize—“The Feminine Mystique” kòm youn nan liv non-fiksyon 20yèm syèk la ki te gen plis enfluyans. Konpayi ki pibliye li: W. W. Norton & Company, liv la te vann pou plis pase twa (3) milyon kopi nan ane 2000 epi yo tradui li nan anpil lang.

“The Feminine Mystique” te fè Madam Friedan vin yon moun ki selèb nan lemond. Li te fè li vin youn nan achitèk prensipal mouvman fanm yo nan fen ane 1960 yo epi annapre, yon boulvèsman sosyal radikal ki te fè sonje [sonje] kanpay pou dwa vòt yo nan kòmansman syèk la epi yo ta rele sa dezyèm mouvman feminis lan...

Sous: Margalit Fox, *New York Times*, February 5, 2006

- 8 Dapre Margalit Fox, kisa ki se **yon** pwoblèm yo abòde nan *The Feminine Mystique* ki te enkyete fanm ameriken yo apre Dezyèm Gè Mondyal la? [1]

---

---

Score

## Dokiman 9a

Eslogan Grèv Fanm yo pou Egalite te di PA bat fè a pandan grèv la cho. Pèsòn pa konnen konbyen chemiz ki pliye nan panye lesiv yo semèn pase lè anpil milye fanm nan peyi a te pran lari pou gwo manifestasyon mouvman pou Liberasyon Fanm yo. Grèv la, nan 50yèm anivèsè pwoklamasyon amanman dwa vòt fanm yo, te atire kèk to foul moun dapre prensip anti-lagè oswa dwa sivil, te fasilman pi gwo rasanbleman fanm pou dwa fanm yo depi pwotestasyon pou dwa vòt yo....

Betty Friedan, ki gen liv ane 1963 li *The Feminine Mystique* ki jwenn kredi poutèt li reviv mouvman feminis lan, te mande grèv la toudabò nan konferans Òganizasyon Nasyonal pou Fanm yo nan mwa mas. Kòm moun ki alatèt Kowalisyon Nasyonal Grèv Fanm ki te rasanble byen vit, li te prevwa yon to patisipasyon enpresyonan epi li pa t akable avèk chif yo. Friedan te di konsa, “Li te depase rèv ki pi sovaj mwen yo. Se yon mouvman politik kounye a; mesaj la klè. Politisyen yo konsidere sa deja.”...

Sous: *Time*, September 7, 1970

9a Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** fason *The Feminine Mystique* te jwe sou mouvman fanm yo nan ane 1960 yo ak kòmansman ane 1970 yo? [1]

Score

## Dokiman 9b

...Anpil faktè te kontribiye nan rekò siksè sa a [fanm yo]. Efò refòm patizan dwa vòt fanm yo nan dizneyèm syèk la ak nan kòmansman ventyèm syèk la te enpòtan, menm jan ak efò feminis ane 1960 yo. Fanm ameriken yo dwe anpil pou moun ki te batay pou adopsyon lejislasyon sou dwa sivil yo nan ane 1960 yo, sitou Lwa 1963 pou Salè Egalego ak Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo. Tandans demografik ak ekonomik te fòme eksperyans fanm yo tou.

Chwa pèsònèl fanm yo te fè se faktè ki pi enpòtan ak omwen apresye nan pwogrè ekonomik fanm yo apre kèk ane. Desizyon pou antre anvan nan domèn edikasyon ak travay gason yo domine, pou marye epi pou fè timoun apre nan lavi a, pou antre sou mache travay la, epi pou kite mache travay la pou edike timoun, yo tout te gen yon gwo konsekans sou si fanm yo kapab vin egalego nèt avèk gason yo. Kèk nan chwa sa yo, tankou kite mache travay la pou jwenn yon tan pou edike timoun oswa pou travay atan-pasyèl, gen yon konsekans negatif sou revni fanm yo. Lòt chwa yo, tankou antre anvan nan domèn tout gason yo, te fasilite fanm yo touche gwo revni nan mache travay la....

Sous: Furchtgott-Roth and Stolba, *Women's Figures: An Illustrated Guide to the Economic Progress of Women in America*, The AEI Press and Independent Women's Forum, 1999

9b Dapre Furchtgott-Roth and Stolba, kisa ki se **yon** faktè ki te kontribiye nan pwogrè ekonomik fanm yo? [1]

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Pandan ane 1960 yo, ekriven yo te souvan reflechi sou kondisyon sosyal ki te jwe sou istwa Etazini. Ekriven sa yo te sansibilize piblik la pi plis sou pwoblèm kritik nasyon an te genyen, epi yo te gen yon enpak sou Etazini ak sosyete ameriken an. Twa (3) nan ekriven sa yo se te **Dr. Martin Luther King Jr.** (“**Lèt ki sòti nan Prizon Birmingham**”; “**Letter from Birmingham Jail**”), **Rachel Carson** (*Prentan an Silans; Silent Spring*), ak **Betty Friedan** (*Mistik Feminen; The Feminine Mystique*).

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

Chwazi *de* (2) ekriven nan ane 1960 yo ki endike nan kontèks istorik la, epi pou yo *chak*

- Dekri sikonstans istorik ki antoure yon pwoblèm ekriven an abòde
- Diskite sou fason ekriven an te jwe sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat* (4) dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

